



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 26/09/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA KI POU PÈMÈT NOUYÒKÈ YO ANTERE ANSANM AK BÈT DOMESTIK YO AN NAN MENM SIMITYÈ

Nouvo Lwa Anile Règleman ki pa Nesesè yo Epi Pèmèt Simityè ki San Bi Likratif yo Ofri Opsyon Antèman sa

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jounen jodi a pwojè lwa ki pou pèmèt Nouyòkè yo antere ansanm ak bèt domestik yo an nan simityè ki san bi likratif yo.

“Pou anpil Nouyòkè, bèt domestik yo an se manm fanmi an,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè lwa sa pral anile règleman ki pa nesèsè sa epi bay simityè yo opsyon pou onore dènve volonte moun ki renmen bèt domestik yo atravè New York.”

Dokiman lwa sa (S.2582/A.2647) pral pèmèt moun yo antere ak bèt domestik yo ke yo ensinere, ak konsantman ekri simityè a. Simityè yo pral ekzije tou pou mete tout pèman pou antèman bèt domestik lan nan fon mentnans pèmanan li an, epi bay kliyan yo yon lis montan frè ki pou antèman bèt domestik lan. Pwojè lwa sa pa pral aplike pou simityè yo ki se pwopriyete oswa ki administre pa sosyete oswa asosiyasyon relijye yo.

Senatè Michael H. Ranzenhofer te deklare, “Sa gen plizyè ane kounye a, depi ke Nouyòkè yo te vle pou yo antere bèt domestik yo an nan tonbo yo, epi simityè yo pral kapab kounye a ofri opsyon antèman sa kòm yon rezilta nouvel lwa sa. Mwen kontan dèske Gouvènè Cuomo te siyen li pou fè li vin tounen yon lwa.”

James F. Brennan, ki se Manm Asanble, te deklare, “Lè dokiman lwa sa vin tounen lwa, pwopriyete yo ansanm ak bèt domestik yo an pral finalman gen pèmision pou antere bèt domestik yo an ansanm ak yo. Relasyon bèt domestik/moun k’ap bay swen an se yonn ki espesyal anpil, epi mwen kontan ke relasyon sa pral onore finalman.”

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418